



Lekòl Piblik Brookline yo

333 Washington Street ❖ Brookline, Massachusetts 02445

Mary Ellen Dunn
Direktè Depite pou Administrasyon ak Finans

Tel: (617) 730-2425
Faks: (617) 730-2601

Aplikasyon Pou Asistans Finansye Anyèl

Chè Paran/Responsab(s);

Komite lekòl la te mete disponib yon pwosesis aplikasyon santralize pou asistans finansye. Aplikasyon an se yon aplikasyon **chak ane** pou Fanmi/ Fwaye yo pou asistans nan plizyèl pwogram. Pwosedi aplikasyon sa a kouvri pifò frè **lekòl** yo pou tout ane lekòl la, eksepte pwomnad oswa pwogram ochwa yo, pwogram Devlopman Timoun ak manje midi lekòl ki mande yon aplikasyon separe pou gratis/frè redwi. Pa gen anplwaye, antrenè, fakilte oswa manm pèsònèl la gen otorite pou renonse nenpòt frè oswa chaje yon moun san lèt ki detèmine revni ke Biwo Finans lan bay la.

Detèminasyon Pwogram Asistans Finansye Lekòl Piblik Brookline nan Brookline baze sou revni **TOUT** moun nan kay la. Nenpòt ki moun ki rete nan kay la oblije soumèt dokiman revni yo, ki gen ladan yo patnè domestik, fanmi, ak nenpòt lòt moun k ap viv nan adrès la.

Tout dokiman yo bay yo rete konfidansyèl epi yo pa enkli nan nenpòt dosye elèv yo. Tout dokiman ki resevwa yo rete pou twa ane nan dosye nou, epi apre sa yo moulen ak detwi yo. Ou ka fè kopi nan Biwo Finans lan, san w pa peye pou yo, si ou pote aplikasyon w lan an pèsòn. Si aplikasyon an faks oswa voye pa lapòs, yo pa fè kopi dokiman yo ak retounen yo ba ou. Tanpri sonje, nou mande pou ou pa imèl dokiman ou pou rezon sekirite.

Nan lis dokiman nou aksepte ki anba yo, tanpri, voye tout dokiman ki gen pou wè ak sipò fwaye ou a:

Taks Revni ou: Si ou te peye taks ane 2017 yo, Voye RAPÒ Internal Revenue Service yo pou TOUT adilt ki abite nan kay la;

- a. Akoz enkyetid ki genyen sou afè peye taks, Nou mande rapò IRS ([IRS transcript](#)) – sa disponib gratis 5-10 jou apre ou fin fè demand yo.
 - Ou mèt rele 800-908-9946 oswa
 - Vizite: <https://sa.www4.irs.gov/irfof-tra/start.do;jsessionid=mHkJcM8EAhRddGZUerqB7fRS>

Lòt Revni: Voye yon kope done out e resevwa ki pi resan yo:

2. Revni Sekirite Sipleman (SSI) ak Revni Enfimite;
3. Konpansasyon chomaj ak peyman apa;
4. Peyman maryaj ak Akò pou Sipò pou Timoun (obligatwa anplis taks sou revni);
5. Lèt ak Benefis Tranzisyonèl (yo bay yo chak mwa Out oswa sou demann paran);
6. Sipò pou fanmi: revni, kado, don, lajan moun ki pap viv nan kay la te bay - soumèt yon lèt ki pale de sipò fanmi an

Asistans pou kay la: Voye yon kopi lèt sipò ki detèmine jan kay la jwenn sipò:

7. Fèy detèminasyon Fonksyonman revni Otorite sou lojman nan Brookline;
8. Seksyon 8 pèyman Lojman;
9. Sipò pou lojman (tankou lwaye gratis lojman moun k ap viv avèk fanmi yo oswa zanmi) - soumèt lèt sipò fanmi
 - Revni Paran ki pa Peye lajan ki konsidere kòm lè yon paran resevwa dediksyon taks pou depandan an epi pa gen okenn dosye sipò timoun.
 - Timoun ou peye pou swen yo konsidere kòm yon sèl fwaye poukont yo epi yo pa enkli kòm manm fanmi kote y ap viv la oswa nan revni fanmi an nan fanmi ki responsab la.
 - **REMAK** pou fanmi ki vwayaje sou yon VISA - Si ou soumèt yon lèt sipò (tankou I-864, I-134) ansanm ak aplikasyon Visa ou, ou pa kalifye pou asistans adisyonèl nan lekòl piblik yo paske sa ka lakoz pinisyon pou ou ak moun ki sipòtè ou a. Konplete tout enfòmasyon yo nesèsè pou yo ka pran yon desizyon. Aplikasyon enkonplè yo pap trete. Yon fwa ke yon detèminasyon konsènan kalifikasyon yo fèt, yo pral avize w sou desizyon sa a pa yon lèt. Tanpri, pèmèt kat semèn pou yo travay.

Peryòd aplikasyon an ouvè nan 1ye Me pou ane lekòl 2018 - 2019 la. Elijiblite pou ane eskolè 2017-2018 la fini nan dat 31 out, 2018.
Pou plis enfòmasyon, tanpri ale sou sit wèb Lekòl Piblik Brookline nan: <https://www.brookline.k12.ma.us/>

Sensèman,

Mary Ellen N. Dunn, Direktè Depite pou Administrasyon ak Finansye

YO PA DWE TRAVAY S OOKEN APLIKASYON SAN DOKIMAN YO MANDE YO

LIS LA NAN PAJ DÈYÈ FÈY SA

Si ou pa bay prèv tout revni ou, sa ap fè pwosesis aplikasyon ou a an reta

PA VOYE DOKIMAN ORIJINAL; yo pa ka retounen yo. Yo ka fè kopi pou ou nan lekòl piblik Biwo Finans Brookline yo.

Tout dokiman yo trete konfidansyèlman ak detay yo pa pataje ak nenpòt lòt biwo oswa departman yo.

Yo chire tout dokiman yo apre twazans.

Prenon ou ak inisyèl sounon ou	Non fanmi ou	Telefòn lakay ou	Adrès
Lòt Prenon Paran/ Responsab yo	Non fanmi ou	Telefòn lakay ou	Adrès

1a Tcheke Adilt ki nan kay la:

Oumenm Konjwen ou/Inyon Sivil/Patnè ou

Lòt Non: _____ Relasyon: _____

Lòt Non: _____ Relasyon: _____

Yo pral voye Aplikasyon pou manje midi gratis/ pri redwi yo nan tout kay yo nan mwa septanm nan.

FÒM SA PA ENSKRI PITIT OU A NAN PWOGRAM YO.

1b Mete lis tout depanndan kap viv ak ou yo:

PRENON	SIYATI	RELASYON	KLAS 2018/19	LEKÒL 2018/19

Make kantite total adilt out e rapòte nan revni taks ou a

Total kantite depanndan ou te rapòte sou fòm taks ou ki nan lis nan 1b pi wo a

Kantite total ou te rapòte nan ou sou fòm taks ou ki nan lis nan 1a ak 1b pi wo a

Remak: Liy sa a ta dwe mche ak liy 6d, Fòm 1040 a, Ki nan revni taks ki pi resan an



2a Bay kopi TOUT revni ou te genyen kit e sipòte timoun ak fanmi ou yo:

Men Dokiman yo Aksepte yo	Tcheke Sil Ladan	Rezon ki fèl pa la (Metel si ekplikasyon nesèsè)
1. RAPÒ taks 2017 ki soti nan biwo Internal Revenue Service, rele nan 800-908-9946 oubyen visite https://sa.www4.irs.gov/irfof-tra/start.do		
2. Fèy kalkil Otorite Brookline yo Brookline Housing Authority		
3. Lèt Asistans Tranzisyon ak benefis; 781-388-7375 oubyen 1-800-249-2007;		
4. Sipleman Revni Sekirite Sosyal (SSD) ak Andikap;		
5. Peyman kay Seksyon 8;		
6. Peyman maryaj ak akò Sipò Timoun		
7. Konpansasyon chomaj ak revni apa;		
8. Dokimantasyon pou Timoun Foster (Timoun ki adopte yo konsidere kòm yon sèl fwaye epi yo pa enkli kòm manm fanmi an kote yo ap viv oswa nan revni fanmi an nan fanmi ki gen gad la)		
9. Revni Paran ki pa Peye-lajan konsidere kòm lè yon paran resevwa dediksyon taks pou depanndan an epi pa gen okenn dosye sipò timoun;		
10. Revni finansye, kado, donasyon, sipò fanmi (tankou lwaye gratis lojman, lajan, elatriye) soti nan andeyò domisil la dwe rapòte kòm sipò finansye.		

Yon manb nan kay la ki adilt dwe siyen fòm sa.

Mwen sètifye ak (pwomès) ke tout enfòmasyon ki enkli ak aplikasyon sa a se verite ansanm ak tout revni mwen rapòte yo. Mwen konprann ke lekòl la pral jwenn lajan Federal ki baze sou enfòmasyon mwen bay yo. Mwen konprann ke ofisyèl lekòl yo ka verifye (tcheke) enfòmasyon an. Mwen konprann ke si mwen fè espere bay fo enfòmasyon, pitit mwen yo ka pèdi benefis, e mwen ka pouswiv.

Siyen la: X _____ Ekri non an detache: _____

VOYEL BAY: Mary Ellen Dunn, Deputy Superintendent for Administration and Finance, The Public Schools of Brookline, 333 Washington Street, Brookline, MA 02445